Gran Izrayèl la

Kounye a, Seyè a te di Abram konsa: -Kite peyi ou la, kite tout fanmi ou ak tout kay papa ou, ale nan peyi m'ap moutre ou la. M'ap fè ou tounen yon gwo nasyon. M'ap beni ou, m'ap fè non ou gran. Ou va tounen yon benediksyon. M'ap beni tout moun ki beni ou, m'ap madichonnen tout moun ki ba ou madichon. Gremesi ou, tout fanmi sou latè va jwenn benediksyon. Jenèz 12:1-3

Benediksyon pou nasyon ki gen Seyè a pou Bondye li a, pou pèp li chwazi pou eritye li a. Sòm 33:12

Menm jou sa a, Seyè a te fè yon alyans avèk Abram, li te di l' konsa: M'ap bay pitit pitit ou yo peyi sa a, depi larivyè Lejip rive nan gwo larivyè Lefrat la: Moun Kenit yo, moun Kenizit yo, moun Kadmon yo, moun Et yo, moun Ferezi yo, moun Refayim yo, moun Amorit yo, moun Kanaran yo, moun Gigach yo ak moun Jebis yo.
Jenèz 15:18-21

M'ap ba ou menm ak pitit pitit ou yo peyi kote ou rete a, tout peyi Kanaran an, pou ou rele yo rele yo pa ou pou tout tan. M'ap Bondye yo tou. Jenèz 17:8

Bondye pale ak Moyiz, li di l' konsa: -Mwen se Seyè a. Mwen te parèt devan Abraram, Izarak ak Jakòb sou non Bondye ki gen tout pouvwa a. Men, yo pa t' konnen m' sou non mwen, Seyè a. Mwen te fè yon alyans avèk yo, pou m' ba yo peyi Kanaran an, peyi kote yo te viv tankou etranje a. Egzòd 6:2-4

Mwen se Seyè a, Bondye nou an, ki te fè nou soti kite peyi Lejip la, pou m' te ka ba nou peyi Kanaran an epi pou m' te ka Bondye nou. Levitik 25:38

Chanje chemen nou, ale nan mòn Amori yo ak nan tout kote ki toupre l' yo, nan plenn yo, nan mòn yo, nan fon yo, nan sid peyi a ak bò lanmè a. Peyi Kananeyen yo ak peyi Liban an rive jis nan gwo larivyè a, larivyè Lefrat la. Gade! M'ap mete peyi a devan nou. Antre, pran pou nou peyi Seyè a te sèmante bay zansèt nou yo, Abraram, Izarak ak Jakòb, li t'ap ba yo ak tout pitit pitit yo apre yo. Detewonòm 1:7-8

Si nou kenbe tout kòmandman mwen ban nou yo, si nou renmen Seyè a, Bondye nou an, si nou mache nan tout chemen l' yo, si nou pa janm lage l', Seyè a va chase tout nasyon sa yo devan nou. N'a pran peyi pèp ki pi gran, ki pi fò pase nou. Tout kote nou va pile pye nou va pou nou la. Depi nan dezè a ak nan peyi Liban an, depi nan larivyè Lefrat la rive nan lanmè a ki nan dènye bout la. Fwontyè nou an va rete pou nou. Pèsonn p'ap ka kanpe devan nou. Paske, Seyè a, Bondye nou an, va fè moun pè nou ak moun tranble nou toupatou kote nou pral pile a, jan li te di nou an. Detewonòm 11:22-25

Monte sou mòn Abarim yo, sou mòn Nebo a, ki nan peyi Moab, anfas Jeriko a. W'a gade peyi Kanaran an, peyi m'ap bay moun pèp Izrayèl yo pou yo rete. Detewonòm 32:49

Apre Moyiz, sèvitè Seyè a, mouri, Seyè a pale ak Jozye, pitit gason Noun lan, ki te adjwen Moyiz la, li di l' konsa: -Moyiz, sèvitè m' lan, mouri. Kounye a, leve non, travèse larivyè Jouden an, ou menm ak tout pèp sa a, pou nou antre nan peyi m'ap ba yo, moun pèp Izrayèl yo. Tout kote pye nou va pile, mwen pral ba nou l' jan mwen te di Moyiz la. Depi dezè a ak peyi Liban nou an rive nan gwo larivyè Lefrat la. Tout peyi moun Et yo rive nan gwo lanmè a kote solèy kouche a va sèvi pou limit peyi nou an. Pèsonn p'ap ka kenbe tèt devan nou pandan tout rès vi nou. Jan m' te avèk Moyiz, m'ap toujou la avè ou. Mwen p'ap lage ou, mwen p'ap vire do ban nou. Se pou ou vanyan epi pran kouraj, paske se ou menm ki pral bay pèp sa a peyi mwen te sèmante m'ap ba yo a. Jozye 1:1-6

Men peyi moun pèp Izrayèl yo te pran pou yo nan peyi Kanaran an. Peyi sa a te separe bay Eleaza, prèt la, Jozye, pitit gason Noun lan, ansanm ak chèf fanmi branch fanmi pèp Izrayèl yo. Jozye 14:1

David te bat Adadezè, pitit gason Reyòb, wa peyi Zoba a, lè Adadezè t'ap mache reprann tè li bò larivyè Lefrat la. 2 Samyèl 8:3 David te dakò

ak kontra li te fè ak Abraram nan, sèman li te fè ak Izarak la. Li te konfime sa pou Jakòb kòm yon lwa, pou pèp Izrayèl la kòm yon alyans pou tout tan. Li te di l' konsa: M'ap ba ou peyi Kanaran an pou byen pa ou. Lè sa a, nou pa t' anpil moun, nou te yon ti ponyen moun tankou etranje ladan l'. 1 Kwonik 16:16-19

David te bat Adadezè, wa peyi Zoba a, nan zòn Amat la, lè Adadezè t'ap mache bò larivyè Lefrat la pou l' mete gouvènman l' sou kote l'. 1 Kwonik 18:3

Sa se alyans li te fè ak Abraram. Li te sèmante l' bay Izarak la. Li te konfime l' ak Jakòb kòm yon lwa, ak Izrayèl kòm yon alyans pou tout tan. Li te di: M'ap ba ou peyi Kanaran an pou byen ou. Lè sa a, moun pa t' anpil, yo te yon ti ponyen moun, epi yo te etranje ladan l'. Sòm 105:9-12

Li te frape gwo nasyon, li te touye wa ki te gen pouvwa: Siyon, wa Amorit yo, Og, wa Bazan an, ansanm ak tout wa peyi Kanaran yo. Li te bay peyi yo pou eritye, pou pèp Izrayèl la, pèp li a, yon byen eritye. Seyè, ou p'ap janm sispann nonmen ou. Seyè, w'ap toujou sonje ou pou tout tan. Sòm 135:10-13

Nan kenzan depi Abram te rete nan peyi Kanaran, swasanndizan depi li te viv, Seyè a te parèt devan Abram. Nan ane sa a, li di l' konsa: -Mwen se Seyè a ki te fè ou soti kite lavil Our Kasdim pou m' ba ou peyi sa a pou eritaj ou. Kounye a, mache devan m', se pou ou san defo. Fè sa m' mande yo fè a. M'ap bay ou peyi sa a pou eritaj ou, depi larivyè Mitzrayim rive nan gwo larivyè Lefrat la. Jachè 13:17-18

Ezaou leve, li retounen bò kote Jakòb. Li fè tout sa Nebajòt, pitit Izmayèl la, te konseye l fè a. Ezaou pran tout richès Izarak te kite yo, nanm yo, bèt yo, bèf yo, byen yo ak tout lòt byen yo. Li pa bay frè li Jakòb anyen. Jakòb pran tout peyi Kanaran an, depi ravin Lejip la rive nan larivyè Lefrat la. Li pran l' pou l' rete pou tout tan, pou pitit li yo ak pou tout pitit pitit li yo apre li. Men pawòl Jakòb ekri nan liv la: Peyi Kanaran an ak tout vil moun Et yo, moun Evi yo, moun Jebis yo, moun Amori yo, moun Ferezi yo ak moun Gergachi yo. Tout sèt nasyon yo, depi larivyè Lejip la rive nan larivyè Lefrat la. Jachè 47:24,27

Apre Moyiz fin mouri, Seyè a di Jozye, pitit gason Noun lan: -Leve non, travèse larivyè Jouden an, pou ale nan peyi mwen bay pèp Izrayèl la. Se ou menm ki pral fè pèp Izrayèl la pran peyi a pou yo. Tout kote pye nou va pile, se pou nou l'ap ye. Depi dezè Liban an rive nan gwo larivyè Perat la, fwontyè nou an va sèvi. Jachè 88:1-3

Bondye di l' konsa: -Mwen se Seyè a ki te fè ou soti Our nan peyi Kalde a, pou m' ba ou peyi Kanaran yo pou ou ka pran l' pou tout tan. M'ap Bondye ou ak tout pitit pitit ou yo apre ou. Jou sa a, Seyè a te fè yon alyans ak Abram. Li te di l' konsa: -M'ap bay pitit pitit ou yo peyi sa a, depi larivyè Lejip rive nan gwo larivyè Lefrat la. Se pou yo rete Kenit yo, Kenizit yo, Kadmon yo, Ferezit yo, Refayim yo, Pakorit yo, Evi yo, Amorit yo, Kananeyen yo, Gigachit yo ak Jebisit yo. Jibile 14:7,18

M'ap ba ou menm ak tout pitit pitit ou yo peyi Kanaran an, pou ou ka pran peyi sa a pou tout tan. Mwen menm, m'ap Bondye yo. Jibile 15:10

Mwen te di papa m' Jakòb konsa: -Seyè a va sèvi avè ou pou piye moun Kanaran yo. L'ap ba ou peyi yo a pou ou menm ak pou tout pitit pitit ou yo. Testaman Levi 3:10

Apre tout bagay sa yo, Seyè a menm (Jezikri) va leve pou nou, limyè jistis la, epi n'a tounen nan peyi nou. Testaman Zabilon 2:32

Lè nou fin vin pi piti, lè pèp la va vin pi piti toujou, n'a tounen vin rekonèt se Seyè a, Bondye nou an, l'a fè nou tounen nan peyi nou, jan li gen anpil mizèrikòd. Testaman Neftali 1:30